



### **Nou tande elèv, estaf, ak fanmi nou yo**

Chè Nouyòkè,

Souvan, gen moun ki mande m pou m dekri eksperyans mwen fè chak jou kòm Chanselye Lekòl Leta Vil Nouyòk. Byenke mwen gen yon orè ki varye, gen yon aspè ki rete konstan: chak jou, mwen mete m alekout. Kit se nan yon vizit lekòl, yon konferans, oswa nan yon reyinyon kominotè CEC, mwen pa ka fè travay mwen byen san mwen pa vrèman koute kominote NYCPS nou an.

Se poutèt sa mwen kwè [Sondaj lekòl Vil Nouyòk la](#) se youn nan zouti ki gen plis fòs nou gen nan men nou. Li asire chak lidè nan sistèm nou an tande elèv, fanmi ak estaf dirèkteman.

Sondaj sa yo boure ak enfòmasyon ki gen anpil valè. Èske elèv santi yo pouse yo sou plan akademik? Èske estaf santi yo jwenn sipò yo bezwen? Èske fanmi santi yo akeyi byen? Nan nivo lokal ak santral, nou sèvi avèk repons kesyon sa yo pou fè chanjman byen reflechi, ki fè sans pou amelyore lekòl nou yo.

Donk, mwen kontan fè konnen Sondaj Lekòl NYC 2024 la fèk ouvri semèn sa a, epi pwofesè, fanmi, ak elèv ki nan klas 6yèm rive 12yèm ane ka ranpli li sou [NYCSchoolSurvey.org](https://NYCSchoolSurvey.org) jiska 5 avril. Fanmi pral resevwa tou yon kopi sou papye, ki disponib nan 10 lang diferan.

Kounye a, men kèk lojistik enpòtan: Pou elèv pran sondaj la, yo pral bezwen nimewo idantifikasyon elèv (OSIS) ki gen nèt chif la; yo ka jwenn li sou kanè yo, kat idantite elèv yo, oswa si yo mande li nan lekòl yo.

Fanmi ka pran sondaj la lè yo antre lèt "f" avan yo antre OSIS pitit yo, oswa lè yo konekte nan [NYCSA](https://NYCSA.org). Epi pwofesè ak estaf sipò ki elijib ka pran sondaj la sou entènèt apre yo fin antre kòd aksè owaza kowòdonatè sondaj lekòl yo a bay la.

Se 18yèm fwa n ap bay sondaj sa a, youn nan pi gwo sondaj yo bay chak ane nan peyi a. Byenke patisipasyon an te bese pandan pandemi an, kantite a ap ogmante, epi nou espere kolekte plis repons pase tout tan avan yo. Mwen bay tout kominote lekòl nou yo defi pou yo rive jwenn 100% patisipasyon—jan IS 141 nan Queens te fè sa prentan ki sot pase a!

Ant kounye a ak 5 avril, ranpli Sondaj Lekòl Vil Nouyòk la epi fè tande vwa ou. Nan NYCPS, nou la, epi nou alekout.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).